



RICK SCOTT  
GOVERNOR

JUSTIN M. SENIOR  
SECRETARY

HeadOfHousehold  
AddressLine1 AddressLine2  
RecipientCity RecipientState 1234567890

27 jen, 2017



HeadOfHousehold:

Dosye nou yo montre ke adrès ou chanje. Poutèt sa, yo pral mete tout moun ki gen non yo ekri anba-a, nan plan pou Asistans Medkal (MMA) ki make anba-a.

Non	Non Plan	Dat kòmansman Anwolman
RecipientName	HealthPlanName	7/1/2017

Si ou ta renmen chanje plan MMA ou, se pou'w fè sa avan 6/30/2017.

Pou'w kapab chanje plan'w, gade feyè espesyal ke nou mete nan pake'w la. Li gen enfòmasyon de plan ki disponib nan zòn ou avèk benefis an plis yo ofri yo. Genyen enfòmasyon tou sou fason ou kapab chanje plan'w.

Ou kapab chwazi yon plan apati de youn nan fason ki make anba yo:

1. Anwole sou sit entènèt nou an: [www.flmedicaidmanagedcare.com](http://www.flmedicaidmanagedcare.com). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon apwopo de Medicaid avèk sou plan ou kapab rantre ladan yo a sou sit sa tou.
2. Rele Liy asistans gratis la nan 1-877-711-3662, epi itilize sistèm vwa otomatik la oubyen pale avèk yon konseyè chwa pou'w ka anwole.
3. Si ou gen bezwen lasante ki espesyal, Ou kapab rankontre avèk yon konseyè Chwa nan kominote'w la. Ou kapab pran randevou pa telefòn, si'w rele liy asistans gratis la nan 1-877-711-3662.

Pou fè yon chwa plan, ou pral bezwen gen ane nesans la ak ID Medicaid oswa nimewo Kat lò pou chak moun nan lis la.

**Ou pa bezwen rele si ou kontan avèk plan ki make anlè-a.**

**Ou gen dwa pou'w chanje plan.  
Gade dèyè paj la pou dwa ou genyen pou chanje plan'w.**

## DWA'W POU CHANJE PLAN

---

Kou ou fin enskri nan plan'w lan, w'ap gen 120 jou pou chanje plan. Si ou vle chwazi yon lòt plan, ou oblije fè sa avan 10/29/2017. Aprè dat sa-a si ou ta renmen chanje plan, w'ap kapab fè sa, sèlman yon fwa pa ane nan tan espesyal ki rele Anwolman Ouvri-a. Avan peryòd Anwolman Ouvri-a kòmanse, w'ap resevwa yon lèt ki pou raple'w avèk enfòmasyon de chwa ou ka fè yo.

Si ou ta renmen chanje plan nan tan ki pa nan peryòd Anwolman Ouvri-a, w'ap oblije genyen yon bon rezon ke leta apwouve. Pou plis enfòmasyon oubyen pou'w ka konnen si'w gen yon bon rezon, rele 1-877-711-3662 oubyen vizite [www.flmedicaidmanagedcare.com](http://www.flmedicaidmanagedcare.com).